

Kisa Asirans Chomaj ye?

Asirans Chomaj (Unemployment Insurance, UI) se yon pwogram asistans revni ki tanporè pou travayè Massachusetts ki te pèdi travay yo san se pa t fòt yo, epi:

- Yo kapab travay
- Yo disponib pou travay epi
- Y ap chèche travay aktivman

Finansman pou avantaj UI yo soti nan kontribisyon trimestriyèl anplwayè Eta a peye bay Depatman Asistans Chomaj (Department of Unemployment Assistance, DUA). Anplwaye yo pa kontribye nan asirans chomaj yomenm.

Kilè Ou Ta Dwe aplike pou avantaj UI yo?

Si ou te kite travay ou oswa yo redwi kantite èdtan ou travay, ou ta dwe depoze yon reklamasyon pou avantaj UI **pandan premye semèn** chomaj total oswa pasyèl ou an. Reklamasyon ou an pral kòmanse dimanch nan semèn kalandriye a lè reklamasyon ou an te soumèt. Dat sa a rele dat reklamasyon efektiv la.

Yo p ap peye w avantaj pou kèlkeswa semèn ou pa t travay ki vini anvan dat efektiv reklamasyon ou an.

Avi Enpòtan:

Ou gendwa mande avantaj sèlman si ou Ozrtazini, sou teritwa li oswa nan peyi Kanada. Ou pa ta dwe mande avantaj pou kèlkeswa semen lè ou pa Ozetaini, nan teritwa li yo oswa nan peyi Kanada.

This pamphlet includes important information on how to apply for Unemployment Insurance benefits.

Este folleto contiene información importante sobre cómo solicitar los beneficios del Seguro de Desempleo.

Este panfleto contém informações importantes sobre como registrar-se para receber benefícios de subsidio de desemprego.

Данный проспект содержит важную информацию о процессе подачи заявления на получение Страхового пособия по безработице.

Livrè sa gen enfòmasyon enpòtan sou fason pou aplike pou Benefis Asirans Chomaj yo.

Il presente opuscolo contiene importanti informazioni riguardanti la modalità di richiesta per l'indennità di disoccupazione.

Cette brochure comporte d'importants renseignements sur la façon de demander des prestations d'assurance-chômage.

សៀវភៅផ្សព្វផ្សាយនេះមានអ្នកជាមួយនឹងព័ត៌មានសំខាន់ៗអំពីរបៀបដាក់ពាក្យសុំប្រាក់អន្តរប្រយោជន៍ការពារពាក់ព័ន្ធការគ្មានការងារ។

Cuốn sách mỏng này bao gồm thông tin quan trọng về cách nộp đơn xin bảo hiểm thất nghiệp

ແຕ່ນເຈ້ຍນີ້ມີຂໍ້ມູນກ່ຽວກັບວິທີການຂໍເອົາເງິນຕົນປະໂຫຍດປະກັນໄພຫວ່າງງານ.

这本小册子包括如何申请失业保险金的重要信息。

이 팜플렛에는 실업 보험 급여의 신청 방법에 대한 중요한 정보가 들어 있습니다.

يحتوي هذا الكتيب على معلومات هامة حول كيفية التقديم للحصول على منافع تأمين البطالة.

Pwogram Anplwayè Opòtinite Egalego

Asistans ak sèvis oksilyè disponib bay moun ki gen andikap. Pou jwenn sèvis relè pou malantandan, rele 711.



Pou Travayè Massachusetts yo: Kijan pou Depoze yon Reklamasyon pou Avantaj Chomaj

Pou Anplwayè Massachusetts yo:

Selon Lwa konsènan Anbochaj aj Fòmasyon, M.G.L Chapit 151A, ou dwe bay yon kopi feyè sa a rapid depi ou kapab, men pa pli ta pase 30 jou, apatide dènye jou anplwaye a te fè travay pouki li ta dwe touche. Ou dwe bay feyè sa a bay chak anplwaye ou yo ki kite travay li, kèlkeswa si se pou tout tan owa tanporèman. Tanpri ranpli enfòmasyon ki anba la yo:

Non Anplwayè a

Adrès postal

Nimewo telefòn

Nimewo ID Anplwayè Federal



Aplike Anliy

Pou depoze nouvo reklamasyon UI w lan oswa pou relouvri yon reklamasyon deja etabli anliy, al gade sitwèb nou an nan: www.mass.gov/dua.

1. Chwazi **UI Online** pou moun k ap reklame.
2. Chwazi **Aplike pou Avantaj yo**.
3. Kreye yon kont UI Online oswa konekte w nan yon kont ki deja egziste.
4. Ranpli tout enfòmasyon yo mande yo epi voye aplikasyon ou an.
5. Mete nimewo telefòn ak imèl ou pou nou kontakte w fasilman si ou gen kesyon osijè aplikasyon an.

UI Online disponib depi 5:00 am rive 10:00 pm, 7 jou sou 7.

Ou bezwen Èd?

Si ou gen kesyon konsènan kalifikasyon ou oswa si ou bewen asistans pou depoze yon reklamasyon, tanpri gade kesyon moun poze souvan owa pwograme pou TeleClaim Center lan rele w bak nan sitwèb nou an nan: www.mass.gov/dua.

Enfòmasyon Nesesè pou yon Reklamasyon Claim

Pou aplike pou chomaj, ou bezwen bay enfòmasyon pèsònèl, ikonpri nimewo Sosyal Sekirite, dat nesans, adrès kay, imèl ak nimewo telefòn ou an.

Epitou ou bezwen enfòmasyon konsènan istwa anbochaj ou pou dènye 15 mwa ki sot pase yo, tankou:

- Non tout anplwayè, plis adrès ak nimewo telefòn yo
- Rezo kifè ou te kite travay sa yo
- Dat kòmansman ak dat ou kite chak travay
- Dat rapèl (si yo te kite w ale nen ou gen yon dat fiks pou w tounen nan travay la)

Ou gendwa bezwen enfòmasyon anplis nan sèten sityasyon:

- Si ou pa sitwayen Etazini — nimewo Anrejistremant Etranje (Alien Registration) oswa verifikasyon w ap travay legalman Ozetazini.
- Isi ou gen timoun depandan — dat nesans ak nimewo Sosyal Sekirite yo
- Si ou plase — non ou nan plasaj la ak nimewo lokal
- Si ou te nan lame — fòm DD-214 Manm 4 ou an. Si ou pa genyen l, ougendwa mande DD-214 ou an anliy nan www.dd214.us.

Pou resevwa peman grasa virman dirèk, w ap bezwen non bank ou an, nimewo kont la ak nimewo woutaj la. Sinon, DUA pral voye w yon kat debi.



Nan Telefòn

Pou depoze nouvo reklamasyon ou an oswa pou relouvri yon reklamasyon ki etabli deja nan telefòn, ou gendwa:

- Pwograme pou TeleClaim Center an rele w bak; al gade sitwèb nou an nan: www.mass.gov/dua epi chwazi Sèvis Telefòn.
- Rele TeleClaim Center lan nan (617) 626-6800 oswa gratis nan (877) 626-6800. Respekte orè sèvis pou rele bak ki anba a.

Sant TeleClaim Center lan disponib depi 8:30 am rive 4:30 pm, lendi jiska vandredi.

Dènye chif Nimewo Sosyal Sekirite ou an:	Jou pou w rele nan Sant TeleClaim Center lan:
0, 1	Lendi
2, 3	Madi
4, 5, 6	Mèkredi
7, 8, 9	Jedi
Nenpòt dènye chif	Vandredi